



Battery Park City Authority

Yo te kreye Battery Park City Authority nan ane 1968. Li te responsab pou devlope ak fè antretyen yon kominote byen ekilibre nan Pati Lwès Pwent Sid Manhattan, ki anplas nan kote apontman k ap depafini te kanpe nan Rivyè Hudson. Battery Park City te resevwa yon aplodisman mondyal kòm yon modèl nan renouvèlman kominote. Avèk yon patenarya piblik/prive ant Battery Park City Authority ak kèk devlopè prive, kominote planifye sa a te vin yon plan pou devlopman iben ki gen siksè.

DESKRIPSYON MISYON

Hugh L. Carey Battery Park City Authority se yon òganizasyon avantaj piblik Eta New York ki gen misyon pou planifye, kreye, kowòdone ak antreteni yon kominote ekilibre espas komèsyal, rezidansyèl, detayan, ak espas pak nan espas 92 ak tè deziyen li nan pati lwès pweni sid Manhattan. Gen yon rekonesans ki endike, lè yo fini avèk devlopman nouvo pasèl yo, enpòtans antretyen nan misyon an ap vin pi enpòtan.

PATENARYA PIBLIK PRIVE

Patenarya piblik-prive t ap epi pral kontinye modèl pou fiti pwojè Battery Park City ki itilize yon pwosesis soumisyon piblik konpetitif pou ogmante valè a nèt.

EKILIB AK ESTETIK

Devlopman Battery Park City te fèt dapre Plan-Pilòt apwouve ki itilize bon kalite plan ki kapab adapte ak dire lontan pou kreye yon devlopman pou itilizasyon komen modèl ki montre ekselans nan achitekti ak planifikasyon iben.

RESPONSABLITE POU ANVIWÒNMAN AN

Tout dènye devlopman an, ak antretyen k ap fèt san rete nan pak yo, espas piblik yo ak lòt pwopriyete ki anba kontwòl Administrasyon an, pral anplwaye dènye modèl ak teknik pou anviwònman an ki gen pèfòmans siperyè epi ki disponib.

EVALYASYON PÈFÒMANS LAN

1. Ogmante revni yo nèt/ touche lwaye ak PILÒT yo anba kontra lwaye yo, elatriye.
2. Avanse devlopman/operasyon dirab Battery Park City.
3. Adapte operasyon yo/bati anviwònman pou chanje bezwen kominote a/lokatè yo/rezidan yo.
4. Ogmante opòtinite yo nèt pou patisipasyon M/WBE nan kontra BPCA ak pwojè devlopman yo.